

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan nu digunakeun dina tésis ieu ngagunakeun pendekatan kualitatif. Ari pendekatan kualitatif numutkeun Bogdan jeung Taylor (dina Ratna, 2017 kc. 94) nyaéta métode anu ngahasilkeun data déskriptif dina wangu kekecapan boh tinulis boh lisan. Panalungtikan kualitatif henteu ngan saukur ngadéskripsikeyun, tapi leuwih pentingna manggihan ma'na nu nyumput atawa ngahaja disumputkeun. Panalungtikan kualitatif boga maksud pikeun maham fénoména (kajadian) nu kaalaman ku subjék panalungtikan kana sipat, sikep, ajén-inajén, jsb. Panalungtikan kualitatif kudu leuwih mentingkeun prosésna ti batan hasilna. Lantaran prak-prakanana, panalungtik kualitatif kudu milih hiji masalah kalawan gemet sangkan hasil éta panalungtikan bisa leuwih maseuk kana tujuan jeung watesan panalungtikan. Métode ilmiah hartina kagiatan panalungtikan dumasar kana cicirén kaélmuan, nyaéta rasional, émpiris, jeung sistematis. Rasional hartina kagiatan kudu asup akal manusa. Émpiris nyaéta cara nu dilaksanakeun alat indera manusa, nepi ka jalma nu séjén bisa mikanyaho cara-cara nu dipaké pikeun panalungtikan. Sistematis nyaéta prosés panalungtikan ngagunakeun léngkah-léngkah nu tangtu. Panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan pikeun nalungtik, nyangking, ngagambankeun, jeung ngadadarkeun pangaruh sosial nu teu bisa dijéntrékeun, diukur sarta digambankeun ngaliwatan ulikan kuantitatif (Nazir, 2003 kc. 35).

Panalungtikan kualitatif aya nu disebut réspondén jeung informan. Réspondén nyaéta sing saha waé nu ngajawab daftar patalékan nu diajukeun ku panalungtik. Sedengkeun informan nyaéta sumber informasi métode panalungtikan kualitatif (Spradley, 2007 kc. 46). Panalungtikan kualitatif, leuwih nyosok jero, taliti, sarta kaguar hiji data nu kacangking, bisa dihartikeun yén leuwih hadé ogé kualitas panalungtikanna. sabab kitu, tina segi lobana réspondén jeung informan bakal mangaruh kana kualitas data nu kacangking.

Jumlah téori panalungtikan kualitatif nu sipatna holistik, leuwih loba sabab disaluyukeun jeung fénoména nu aya di lapangan. Panalungtik kualitatif bakal

leuwih profésional lamun maham kana sakabéh téori supaya pangaweruna ogé leuwih jembar, sarta jadi instrument panalungtikan nu hadé. Téori pikeun panalungtik kualitatif miboga fungsi mangrupa alat pikeun maham kana kontéks sosial leuwih jembar sarta leuwih nyosok jero (Sugiyono, 2017 kc. 213).

Panalungtikan ieu ngagunakeun téknik étnografi nyaéta métode anu digunakeun ku panalungtik pikeun nalungtik kelompok sosial ngaliwatan sikep niténan jeung partisipasi aktif panalungtik. Métode panalungtikan étnografi kaasup kana métode panalungtikan kualitatif. Kecap étnografi asalna tina basa Yunani *ethos* nu artina suku bangsa jeung *graphos* nu hartina hiji hal nu ditulis. Étnografi mangrupa alat pikeun ngadéskripsikeun hiji kabudayaan. Tujuan utamana nyaéta supaya paham ngeunaan hiji sawangan hirup tina sawangan masarakat aslina (Spradley, 2007 kc. 1).

Étnografi biasana digunakeun panalungtikan budaya pikeun nalungtik palaku, paripolah budaya, sarta ajén-inajén anu sipatna nyamuni dina éta budaya. Tujuan utamana téknik étnografi pikeun maham hiji sawangan hirup tina puseur sawangan masarakat aslina nu nyicingan éta tempat, sakumaha nu dipedar ku Broinslow Malinowski, yén tujuan étnografi nyaéta maham puseur sawangan masarakat aslina, hubunganna jeung kahirupan, pikeun nyangking sawangan ngeunaan dunyana (Spradley, 2007 kc. 5). Ku sabab kitu, panalungtikan étnografi ngalibetkeun aktivitas diajar ngeunaan dunya batur nu geus diajar ningali, ngadangu, ngomong, mikir, jeung tindakan ku cara nu bédha. Inti tina étnografi nyaéta tarékah pikeun merhatikeun ma'na-ma'na prilaku tina kajadian nu kaalaman ku jalma nu baris ku urang ditalungtik. Sababaraha ma'na éta kaéksprésikeun sacara langsung dina basa jeung di antara ma'na nu ditarima, loba nu ditepikeun teu sacara langsung ngaliwatan kekecapan jeung prilaku. Ku kituna ogé, di unggal masarakat, manusa tetep ngagunakeun sistem ma'na nu komplék ieu pikeun ngatur paripolah maranéhna, pikeun maham kana dirina sorangan jeung batur, sarta pikeun maham kana dunya tempat maranéhna hirup. Sistem ma'na ieu mangrupa kabudayaan pikeun maranéhna jeung étnografi ngaimplikasikeun téori kabudayaan (Spradley, 2007 kc. 5).


Hal nu mimiti ditataharkeun ku panalungtik nyaéta nangtukeun hiji budaya nu rék ditalungtik, nataharkeun daftar patalékan nu patali jeung tujuan nu hayang dihontal tina panalungtikana, ngumpulkeun data-data panalungtikan ku cara observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung analisis data nu geus dicangking kalawan dipatalikeun jeung tiori-tiori pustaka, nyieun jeung nyusun laporan hasil panalungtikan pikeun bukti tinulis dilaksanakeunna panalungtikan dina wangu deskripsi. Saupama data panalungtikan can lengkep, panalungtik bisa nuluykeun prosés panalungtikan

Pikeun raraga maluruh ajén-inajén jeung hal-hal séjén nu nyangkaruk dina éta tradisi, panalungtik ngagunakeun métode étnografi. Panalungtik henteu ngan saukur niténan, tapi milu aub salaku partisipan kana éta kagiatan nepi ka panalungtik bisa euyeub ku data jeung fakta panalungtikan. Aya tilu hal anu bakal didéskripsikeun jeung dianalisis tina upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka, nyaéta unsur sémiotika jeung étnopédagogik upacara Buku Taun, sarta hasilna dijadikeun alternatif bahan pangajaran nulis artikel seni jeung budaya Sunda di SMP.

## 1.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta gambaran wincik ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Désain panalungtikan biasana mangrupa komponén-komponén panalungtikan nu sacara kompréhensif ngagambarkeun runtulan prak-prakan nu kudu dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Désain pikeun ieu panalungtikan kagambar sakumaha bagan di handap.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan



## 1.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

### 1.2.1 Lokasi Tempat Panalungtikan

Désa Borogojol nyaéta wewengkon diayakeunna panalungtikan. Sacara administratif Désa Borogojol aya di wilayah Kacamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka nu pernahna di tungtung kidul ti puseur pamaréntahan Kecamatan Lemahsugih. Aya dina posisi antara  $108^{\circ} 08'$  –  $108^{\circ} 16'$  Bujur Timur,  $6^{\circ} 58'$  –  $7^{\circ}$  Lintang Selatan. Désa Borogojol mangrupa désa agraris nu aya di pagunungan nu aya dina 1000 mdpl jeung suhu udara antara  $27^{\circ}\text{C}$ , legana 932 héktar. Ku kituna, lolobana masarakat Désa Borogojol salian ngagarap sawah ogé ngagarap kebon pikeun dipelakan rupa-rupa sayuran.

Rikeu Andriyanti, 2020

UPACARA BUKU TAUN DI DÉSA BOROGOJOL KECAMATAN LEMAHSUGIH KABUPATÉN MAJALENGKA (ULIKAN SÉMIOTIKA JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Tabé尔 3.1  
Lega Tanah


A	Sawah	
	1. Sawah irigasi sederhana	35 héktare
	2. Sawah tadañ cai hujan	60 héktare
B	Tanah kering	
	1. Tegalan	421 héktare
	2. Pamukiman	11 héktare
C	Tanah kebon	
	Kebon masarakat	243 héktare
D	Tanah fasilitas umum	
	1. Kantor désa	2000 M
	2. Lapangan	2 héktare
	3. Kantor Pamaréntahan	2 héktare
	4. Lahan nu séjénna	-
E	Tanah hutan	
	1. Tanah hutan produktif	421 héktare

Tina tabel di luhur bisa dicindekeun yén Désa Borogojol mangrupa désa nu lega ku lahan tatanén. Ku kituna, jadi ciri yén Désa Borogojol wewengkon anu subur di mana pakasaban masarakatna jadi patani, masarakat nu gumantung kana kaayaan alamna.

### **Wates Administrasi**

Batas-batas Wilayah :

- a. Beulah Kulon : Désa Cibulan
- b. Beulah Wétan : Désa Bangbayang
- c. Beulah Kidul : Désa Cipasung
- d. Beulah Kalér : Desa Lemahsugih



### 1.2.2 Kondisi Sosial Budaya Masarakat Borogojol

Kondisi sosial jeung budaya di hiji wewengkon mangaruhan pisan kana ayana hiji tradisi nu aya di éta wewengkon. Kitu deui upacara Buku Taun di désa Borogojol moal leupas tina pangaruh kaayaan masarakat sabudeureunna. Kahirupan sapopoéna, masarakat Désa Borogojol masih kacida dalitna, hirup rukun sauyunan, silih hargaan, gawé babarengan, sarta silih tulungan. Kahirupan saperti kieu katitén tina runtusan kagiatan upacara Buku Taun.

Salian ti ngajungjung ajén-inajén hirup sauyunan, masarakatna ogé masih ngamumulé tradisi-tradisi warisan karuhun. Éta tradisi téh salian Buku Taun aya ogé tradisi ruwatan, jeung tradisi molah sawah.

Kaayaan sosial budaya désa Borogojol diwincik ieu di handap:

- a. Atikan

Tabel 3.2  
Jumlah Penduduk  
Jumlah Penduduk

Jumlah Penduduk		
a.	Lalaki	1.937 urang
b.	Awéwé	1.932 urang

Tabél 3.3  
Jumlah Penduduk dumasar Atikan

No	Pendidikan	Jumlah	Keterangan
1	SD/MI	1811	
2	SLTP	309	
3	SLTA	107	
4	D.I	7	
5	D.3	4	
6	S.1	24	
7	Nu lainna	388	

Sumber: Data Désa Borogojol taun 2019

Dumasar tabél di luhur ngeunaan tingkatan atikan masarakat Borogojol, bisa katitén yén tingkat atikan masarakat Borogojol masih kurang, lantaran ngan saeutik lulusan SMP jeung SMA komo deui nu tamat nepi ka paguron luhur, lolobana masarakat nu kaluaran SD/MI.

b. Basa

Étnis Sunda di Jawa Barat mangrupa hiji suku nu miboga basa indung nyaéta basa Sunda. Basa Sunda masih digunakeun di wewengkon-wewengkon nu aya di Jawa Barat. Kitu ogé di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka, nu sakabéh masarakatna mangrupa asli étnis Sunda masih ngagunakeun basa Sunda. Dina kahirupan sapopoé basa miboga peran penting nyaéta pikeun komunikasi. Basa Sunda ogé miboga fungsi pikeun mekarkeun jeung ngarajong kana kabuayaan nu aya di sabudeureun Désa Borogojol.

c. Agama

Agama nu aya di Indonésia kurang leuwih aya genep, nyaéta Islam, Kristen, Katolik, Hindu, Budha, Khonghucu, jeung kapercayaan séjénna. Agama nu dianut ku sakabéh masarakat désa Borogojol nyaéta Islam. Sanajan kahirupan sapopoéna masih aya pangaruh tina kapercayaan-kapercayaan nu dianut ku karuhunna.

d. Pakasaban

Pakasaban masarakat mangrupa kgiatan ngamangpaatkeun potensi lingkunganna. Kgiatan ieu dilakukeun ku masarakat pikeun mertahankeun hirupna sarta ngahontal taraf kahirupan nu leuwih hadé. Kitu ogé anu dilakukeun ku masarakat Désa Borogojol dina widang pakasabanna gumantung ka lingkungan alamna.

Tabel 3.4  
Jumlah penduduk dumasar pakasaban

No	Mata Pencaharian	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Patani	Patani lalaki	640
		Patani wanoja	54
2	Pamayang	Pamayang lalaki	0
		Pamayang wanoja	0
3	Buruh tani	Buruh tani lalaki	62
		Buruh tani wanoja	36
4	Buruh pabrik	Buruh pabrik lalaki	40
		Buruh pabrik wanoja	19

No	Mata Pencaharian	Jenis Kelamin	Jumlah
5	PNS	PNS Lalaki	8
		PNS wanoja	9
6	Pegawai swasta	Pagawai lalaki	17
		Pagawai wanoja	8
7	Wiraswasta/pedagang	Wiraswasta lalaki	402
		Wiraswasta wanoja	470

Tina tabél di luhur katitén yén patani mangrupa pakasaban nu paling loba jumlahna, saluyu jeung kondisi alamna anu subur. Masarakat Désa Borogojol, mangrupa masarakat anu gumantung pisan kana kaayaan alamna.

### 1.2.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan téh nyaéta subjék nu bisa dipaké nyangking data (Arikunto, 2013 kc. 172). Jadi, sumber data panalungtikan téh nyaéta sumber subjék timana data éta dicangking.

Désa Borogojol mangrupa salah sahiji désa anu aya di Kecamatan Lemahsugih kabupatén Majaléngka Jawa Barat. Jarak ti puseur kecamatan ka Désa Borogojol tujuh kilometer. Legana ngawengku leuweung jeung padumukan.

Dumasar data anu diperlukeun, nu dijadikeun partisipan ku panalungtik nyaéta kumpulan objék anu dijadikeun sumber data panalungtikan bentukna bisa mangrupa jalma, barang, dokumén, jeung sajabana. Ku sabab kitu dumasar tujuan jeung masalah anu aya dina panalungtikan, anu jadi réspondén aya dua nyaéta

1. Kuncén, nu mingpin du'a/hadoroh dina kagiatan upacara Buku Taun
2. Sesepuh désa Borogojol, nu apal kana upacara Buku Taun ti jaman baheula nepi ayeuna.

Sedengkeun anu jadi inorman aya opat nyaéta:

- 1) Panata Calagara, nu ngatur kagiatan upacara Buku Taun.
- 2) Kepala Désa, anu ngaluluguan upacara Buku Taun.
- 3) Ema Goah, nu ngatur kaperluan kadaharan aya dina upacara Buku Taun
- 4) Masarakat anu milu aub kana kagiatan upacara Buku Taun.

## 1.3 Ngumpulkeun Data

Dina panalungtikan pikeun nyangking informasi sagala rupa naon nu ku panalungtik dipikabutuh, tangtu kudu ngumpulkeun data nu patali jeung obyék nu baris ditalungtik, ngagunakeun métode nu tangtu. Hal éta luyu jeung pamadegan nu diébréhkeun ku Arikunto (2013, kc. 222) yén ngumpulkeun data téh nyaéta “*Mengamati variable yang akan diteliti dengan metode interview, tes observasi, kuesioner, dan sebagainya.*”

### 1.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa cara nu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Ngumpulkeun data mangrupa hiji hal nu utama dina nyangking data. Sedengkeun instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan. Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan upacara Buku Taun nyaéta téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

#### a. Téhnik Observasi

Observasi kajian étnografi nyaéta observasi partisipatoris di mana panalungtik jadi bagian sacara kultural jeung subjék nu baris ditalungtik. Panalungtik ti awal prosés ulubiung dina per bagian prosésina. Studi étnografi teu bisa dilakukeun ku cara instan. Ku sabab, jadi bagian sacara kultural mikabutuh waktu nu lila. Kumaha carana panalungtik bisa ngahiji jeung kultur sapopoé nu aya di masarakat. Métode étnografi ngamangpaatkeun sagala sumber daya nu aya supaya data kacangking. Salian observasi partisipatoris jeung wawancara nu nyosok jero, ogé nyucruk sagala rupa pikeun ngalengkepan data. Di antarana gambar, video, audio, simbol-simbol, artéfak, jeung sagala rupa barang nu aya kaitanna jeung panalungtikan. Hal ieu mangrupa upaya panalungtik pikeun maham kana kahirupan subjék panalungtikanna (Spradley, 2007 kc. 72).

Pikeun nyangking data panalungtikan, panalungtik kudu maham kana objék nu ditalungtik. Spradley (dina Sugiyono, 2017 kc. 68) nétélakeun yén objék

panalungtikan téh ngawengku salapan komponén, nu dipatalikeun jeung tradisi Buku Taun.

- 1) *Actor (the people involve)*, nyaéta jalma-jalma nu milu aub dina situasi sosial. Jalma-jalma nu milu aub sawaktu upacara Buku Taun sabagian masarakat nu aya di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka.
- 2) *Object (the physical things that are present)*, nyaéta barang-barang nyampak di tempat kagiatan. Upacara Buku Taun, properti jeung kadaharan nu kudu aya téh baliung, orok-orok, laksá, lauk beureum meunang meuleum, tumpeng, puncak manik, endog hayam kampung dua, angeun lompong, bubur bodas, bubur beureum, cara bodas, cara beureum, rurujakan, kalapa, bakakak, hahampangan, tumpeng, pais peda, bubuy sampeu, cai peueut, beuleum oncom, pais piritan, bajigur, pais beunyeur.
- 3) *Space (the physical place)*, nu ngawengku ruang dina aspék. Aspék fisik panalungtikan nyaéta makam keramat karuhun, imah Pa Kuwu, tempat nutu, tempat ngala daun congkok, tempat cinyusu.
- 4) *Activity (a set of related acts people do)*, nyaéta runtusan prak-prakan nu dilaksanakeun ku masarakat. Runtusan prak-prakan tradisi Buku Taun téh miboga tilu bagian nyaéta prak-prakan saméméh tradisi Buku Taun, prak-prakan waktu lumangsungna Buku Taun, sarta prak-prakan sabada Buku Taun.
- 5) *Act (single actions that people do)*, nyaéta paripolah-paripolah nu tangtu dina tradisi Buku Taun. Unggal palaku miboga peran séwang-séwangan.
- 6) *Time (the sequencing that takes place over time)*, nyaéta waktu dilaksanakeunna kagiatan. Buku Taun dilaksanakeun bulan Muharamm, awal bulan poé Senén atawa Kemis, runtusan kagiatan dilaksanakeun beurang iwal ti badami sarta nyieun orok-orok dilaksanakeun peuting.
- 7) *Event (a set of related activites that people carry out)*, nyaéta sajumlahing kagiatan nu dipigawé ku jalma. Tradisi Buku Taun mangrupa kagiatan masarakat nu sipatna tangtu ti mimiti waktuna, tempatna, hal-hal nu ditataharkan nepi ka runtusan prak-prakanana.

- 8) *Goal (the things people are trying to accomplish)*, nyaéta tujuan nu hayang dihontal ku jalma-jalma nu ngalaksanakan kagiatan. Tujuan diayakeunna Buku Taun mangrupa sukuran ka Pangéran tina hasil tatanén, mikahormat karuhun, sarta sodakoh.
- 9) *Feeling (the emotion felt and expressed)*, nyaéta émosi nu dirasakeun ku jalma-jalma nu ngalaksanakeun kagiatan. Tradisi nu dilaksanakeun ku masarakat téh mangrupa ébréhan rasa kabungah saeunggeus ngalaksanakeun panén.

Tina téhnik prosés ngumpulkeun data, observasi bisa dibédakeun jadi dua, nyaéta:

- 1) *participant observation* (observasi nu langsung milu aub)
- 2) *non participant* (observasi teu milu partisipasi langsung)

(Sugiyono, 2017 kc. 72)

Panalungtikan nu dilakukeun ku panalungtik nyaéta observasi partisipan. Observasi partisipan digunakeun pikeun nyatet jeung ngarékan (nyangking data-data) ngeunaan upacara Buku Taun, nyaéta ngeunaan unsur sémiotika jeung étnopédagogik. Ku kituna, ieu panalungtikan turun langsung ka lapangan. Observasi nu dilakukeun nyaéta observasi partisipan.

Tahap observasi panalungtik geus ngadadarkeun fokus nu kapanggih supaya datana leuwih rinci. Tahap ieu dipiharep panalungtik nyangking hipotésis.

#### b. Téhnik Wawancara

Wawancara nyaéta prosés nyangking keterangan pikeun tujuan panalungtikan ku cara tanya jawab, bari silih sanghareupan antara panalungtik jeung narasumber ku ngagunakeun alat nu dingaranan *interview guide* (panduan wawancara) (Nazir, 2003 kc. 193-194).

Wawancara mangrupa alat pikeun ngabuktikeun informasi atawa keterangan nu kapanggih saacanna. Ayana prosés wawancara téh miboga tujuan pikeun ngadeudeulan data-data nu kacangking tina observasi. Wawancara nu dilaksanakaun ku panalungtik nyaéta wawancara ka pihak-pihak nu langsung milu aub. Saperti Aki Kuncén, sesepuh, Kepala Désa, Ema Goah, Ibu Kepala Désa, Ketua RT, sarta warga masarakat nu lianna.

Aya tujuh léngkah téhnik wawancara nurutkeun Lincoln jeung Guba (dina Sugiyono, 2017 kc. 89) pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kualitatif, nyaéta:

- 1) Nangtukeun saha nu baris diwawancara
- 2) Nyiapkeun pokok-pokok masalah nu baris jadi bahan patalékan
- 3) Ngamimitian jeung ngabuka alur wawancara
- 4) Ngalangsungkeun atawa muka alur wawancara
- 5) Ngonfirmasikeun ikhtisar hasil wawancara jeung nutup obrolan
- 6) Nuliskeun hasil wawancara dina catetan lapangan
- 7) Ngaidéntifikasi tindak lanjutna hasil wawancara nu geus kacangking.

#### c. Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa catetan kajadian nu geus kaliwat, bisa mangrupa tulisan, gambar atawa karya-karya séjénna saperti pilem atawa video. Alat nu digunakeun mangrupa alat éléktronik saperti *handphone* jeung kaméra digital. Ayana téhnik dokuméntasi téh pikeun salah sahiji bukti yén prosés panalungtikan bener-bener dilaksanakeun ku panalungtik.

Objék dokuméntasi nyaéta hal-hal nu patali jeung Upacara Buku Taun boh nu sипатна tulisan atawa nu lain tulisan ogé. Objék dokuméntasi nu mangrupa wangun tulisan saperti dokumén data désa Borogojol, sedengkeun objék dokuméntasi nu mangrupa lain tulisan nyaéta poto réspondén jeung inorman, poto saméméh, waktu prak-prakan, jeung sabada Buku Taun, dirékam ku média video waktu prak-prakan. Hasil panalungtikan tina observasi atawa wawancara bakal leuwih sampurna lamun didukung poto-poto nu mangrupa bukti nyata. Ku kituna, studi dokuméntasi nu digunakeun ku panalungtik nyaéta poto, hasil rékaman wawancara, hasil catetan lapangan sarta talaah pustaka ogé.

### **1.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam sarta sosial nu ditalungtik (Sugiyono, 2017 kc. 103). Instrumén utama panalungtikan nyaéta diri pribadi panalungtik. Ku langsung milu aub ka lapangan

bakal nyangking data tina prosés observasi jeung wawancara, tina hal éta bisa dimekarkeun jadi instrumén nu leuwih jembar.

Ngumpulkeun data hiji panalungtikan dilakukeun ku rupa-rupa métode panalungtikan saperti observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung analisis data mikabutuh alat anu mangrupa instrumén digunakeun sangkan panalungtikan leuwih gampang sarta leuwih hadé, dina harti leuwih taliti lengkep, jeung sistematis, nepi ka datana gampang diolah.

#### a. Padoman observasi

Padoman observasi mangrupa instrumén nu digunakeun dina téhnik observasi nyaéta padoman observasi. Diluyukeun jeung hal-hal nu dititénan di tempat panalungtikan nu ditataan di handap.

- 1) Tempat, unggal gejala (barang, kajadian, paripolah, jalma) anu aya di rohangan atawa tempat anu mangaruhan kana gejala-gejala anu keur ditalungtik.
- 2) Média jeung alat anu digunakeun jadi pokeus kajian.
- 3) Palaku, miboga ciri atawa tugas kana aktivitas anu dilakukeun bakal mangaruhan kana naon anu keur ditalungtik.
- 4) Kagiatan di rohangan jeung tempat para palaku ngalakukeun kagiatan anu bisa ngawujudkeun interaksi.
- 5) Waktu, unggal kagiatan aya dina tahap-tahap waktu anu aya tahapanna. Saurang panalungtik kudu merhatikeun waktu jeung urutan-urutan tina unggal tahap kagiatan.
- 6) Peristiwa atawa kagiatan, kajadian nu lumangsung nu ngalibatkeun palaku-palaku nu ditalungtik, anu sipatna rutin atawa biasa. Saurang panalungtik kudu merhatikeun kajadian anu ditalungtikna sacara taliti.
- 7) Kagiatan nu ditalungtik katingali tujuan-tujuan nu hayang dihontal ku palaku.
- 8) Perasaan palaku kana kagiatana bisa ogé nunjukkeun atawa némbongkeun ébréhan perasaan jeung émosi dina wangun paripolah, omongan, paroman, jeung gerak badan.
- 9) Kadaharan anu dijieun sawaktu kagiatan Buku Taun.

b. Padoman Wawancara

Wawancara dilakukeun supaya panalungtik nyangking data nu leuwih jembar. Wawancara dilaksanakeun dumasar kana padoman saperti di handap:

- 1) Kudu meunang data ngeunaan prak-prakanna ti awal nepi ka réngsé upacara Buku Taun
- 2) Kudu meunang data ngeunaan fungsina, tujuanna, ajén-inajén atikan, ma'nana, jeung kasang tukang diayakeunna upacara Buku Taun.
- 3) Kudu meunang data ngeunaan pakakas nu digunakeun, palaku nu aya dina upacara Buku Taun, kadaharan nu aya dina upacara Buku Taun, sarta ucapan-ucapan dina prosesi kagiatanna.

Daftar patalékan dina prosés wawancara, nyaéta

- 1) Tanggal, bulan, taun, jeung poé naon dilaksanakeun upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka?
- 2) Naon tujuan diayakeunna upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka?
- 3) Kumaha prak-prakanna upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka?
- 4) Saha waé palaku upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka?
- 5) Properti atawa barang naon waé nu digunakeun pikeun upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka?
- 6) Naon harti properti atawa barang anu digunakeun dina upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka?
- 7) Di mana waé tempat anu digunakeun pikeun ngalaksanakeun rupa-rupa runtuyan kagiatan upacara upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka?
- 8) Kadaharan nu sok aya sawaktu upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka naon waé?

- 9) Miboga ma'na naon kadaharan nu dijieuun dina upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka?
- 10) Naon anu jadi ciri has upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka?
- 11) Sasajén nu diperlukeun pikeun kagiatan Buku Taun ieu naon waé?
- 12) Miboga ma'na naon waé sasajén nu aya dina upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka?
- 13) Ajén-inajén tina kagiatan upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka téh naon waé?
- 14) Naha aya balukarna lamun ieu upacara teu dilaksanakeun?
- 15) Naon sababna upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka masih dipertahankeun tur dipaké ku masarakat Désa Borogojol mangsa kiwari?

**Tabél 3.4**  
**Pedoman Wawancara ka Palaku Upacara Buku Taun**

**PADOMAN WAWANCARA KA PALAKU UPACARA BUKU TAUN**

1. Nu nepikeun informasi
  - a. Ngaran
  - b. Umur
  - c. Wandabaga
  - d. Pakasaban
  - e. Atikan
  - f. Amanat
2. Waktu dilaksanakeunna upacara Buku Taun.
3. Prak-prakan upacara Buku Taun.
4. Properti atawa barang naon waé anu digunakeun dina upacara Buku Taun.
5. Palaku anu kalibet dina upacara Buku Taun.
6. Ma'na runtusan kagiatan, pakakas, sarta palaku upacara Buku Taun.
7. Ajén-inajén étnopédagogik upacara Buku Taun.

### Daptar Répondén

	Wasta	Apandi
	Umur	75 taun
	Alamat	Désa Borogojol Kec. Lemahsugih Kab. Majaléngka
	Pakasaban	Patani
	Wasta	Endéy
	Umur	75 taun
	Alamat	Désa Borogojol Kec. Lemahsugih Kab. Majaléngka
	Pakasaban	Patani

### Daptar Infroman

	Wasta	Epi Musappa
	Umur	35 taun
	Alamat	Kp. Babakan Gintung Désa Borogojol Kec. Lemahsugih Kab. Majaléngka

	Pakasaban	Kepala Désa
	Wasta	Samroh
	Umur	55 taun
	Alamat	Ds. Borogojol Kec. Lemahsugih Kab. Majaléngka
	Pakasaban	Patani
	Wasta	Jamal
	Umur	37 taun
	Alamat	Désa Borogojol Kec. Lemahsugih Kab. Majaléngka
	Pakasaban	Patani

c. Padoman Dokuméntasi

Dokuméntasi dilakukeun supaya data nu kacangking ku panalungtik dikuatkeun ku poto-poto, vidio, sarta rékaman. Padoman dokuméntasi dilakukeun ngagunakeun instrumén di handap ieu.

1) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar sawaktu prak-prakanna upacara Buku Taun.

2) *Handycam*

*Handycam* dipaké pikeun ngarékam prosés lumangsungna upacara Buku Taun ti mimiti nepi ka réngsé

3) *Handphone*

*Handphone* digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar ogé ngarékam prosés wawancara.

4) Alat Tulis

Alat tulis digunakeun pikeun nyatetkeun hal-hal nu penting nu kacangking sawaktu prosés ngawawancara.

## 1.5 Téhnik Ngolah Data

Emzir (2010, kc. 85) nétélakeun yén “*Analisis data merupakan proses sistematis pencarian dan pengaturan transkripsi wawancara, catatan lapangan, dan materi-materi lain yang telah anda kumpulkan untuk meningkatkan pemahaman anda sendiri genai materi-materi tersebut dan untuk memungkinkan anda menyajikan apa yang sudah anda temukan kepada orang lain.*”

Jadi, analisis data téh mangrupa cara pikeun ngolah data jadi informasi nepi ka éta data bisa mangpaat, utamana pikeun masalah nu patali jeung panalungtikan.

## 1.6 Téhnik Analisis data

Panalungtikan kualitatif, data kacangking ti sababaraha sumber, ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data ku rupa-rupa cara, sarta dilakukeun sacara tuluy tumuluy. Data nu kacangkingna data kualitatif. Analisis data mangrupa hal nu pokok pikeun panalungtikan kualitatif. Analisis digunakeun pikeun nyangking pamahaman hubungan jeung konsép dina data. Analisis data nyaéta cara prosés ngumpulkeu jeung nyusun data sacara sistematis ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, medar kana bagian-bagian, ngalakukeun sintésa, nyusun kana pola, milih mana nu penting jeung baris ditalaah, sarta nyieun kasimpulan supaya gampang dicerna ku diri sorangan atawa batur (Sugiyono, 2017 kc. 243).

Sabadana panalungtik narima data ngeunaan upacara Buku Taun, dina ngumpulkeun data léngkah-léngkahna nyaéta:

- a. Ngadéksripsikeun data-data kumaha runtusan kagiatan Buku Taun ti mimiti nepi ka réngsé, palakuna saha waé, alat-alat anu digunakeunna naon waé, jeung kadaharan naon waé anu dijieun.
- b. Nganalisis unsur sémiotika dina upacara Buku Taun
- c. Nganalisis ajén-inajén kearifan lokal nu aya dina upacara Buku Taun
- d. Nganalisis luyu henteuna dijadikeun bahan ajar artikel budaya Sunda di SMP.